



DEPATMAN PWOTEKSYON KONSOMATÈ
AK TRAVAYÈ (DEPARTMENT OF
CONSUMER AND WORKER
PROTECTION, DCWP) SANT LISANS
42 Broadway, Lobby
New York, NY 10004

Sou Randevou Sèlman Èdtan
Fonksyonman:

Lendi–Jedi: 8 a.m. – 4 p.m.
Dènye randevou: 3: 30 p.m.

SANT SIPÒ TI BIZNIS NYC
90-27 Sutphin Blvd, 4yèm Etaj
Jamaica, NY 11435

Sou Randevou Sèlman Èdtan
Fonksyonman:

Lendi–Jedi: 8 a.m. – 4 p.m.
Dènye randevou: 3: 30 p.m.

SÈVIS AN PÈSÒN SOU RENDEVOU SÈLMAN

Ou dwe pwograme yon randevou pou w soumèt aplikasyon lisans ou a an pèsòn nan Sant Lisans DCWP (DCWP Licensing Center) ak Sant Sipò Ti Biznis NYC (NYC Small Business Support Center). Gade nan seksyon **Pwosesis pou Depoze Aplikasyon** an.

Remak: Paske sèvis an pèsòn lan limite, nou ankouraje ou pou ou itilize sèvis anliy nou an ki disponib 24/24 7/7 nan nyc.gov/BusinessToolbox.

Chofè Remòkè Lis Verifikasyon pou Aplikasyon Lisans

Kiyès Ki Dwe Genyen yon Lisans Chofè Remòkè?

Ou dwe gen yon lisans Chofè Remòkè si w ap deplase oswa ap retire veyikil a motè ki anpàn, ki pake ilegalman oswa ki abandone oswa veyikil ki enplike nan yon aksidan yon lòt veyikil a motè lakoz, pou yon konpansasyon dirèk oswa endirèk nan Vil New York.

Pou aplike, ou dwe gen omwen 18 tan.

Deskripsyon sila a se yon eksplikasyon jeneral konsènan kiyès ki dwe genyen yon lisans Chofè Remòkè.

Lis Rapid sou Kondisyon ki Obligatwa yo pou yon Lisans Chofè Remòkè

Ale nan seksyon Kondisyon (Egzijans) yo pou ou jwenn eksplikasyon ak plis detay. Fè si ou respekte tout kondisyon (egzijans) yo; sinon, aplikasyon w lan p ap konplè. DCWP ka aksepte sèlman aplikasyon ki konplè yo sèlman pou li ka bay lisans.

- Aplikasyon Debaz Endividyèl pou Lisans
- Lisans Chofè Aktyèl
- Prèv Sètifye pou Lisans Chofè Valid (*si sa aplikab*)
- Yon foto koulè nan dimasyon paspò ki reprezante moun k ap aplike pou lisans pou moman an menm
- Anprent ak frè pou trete Aplikasyon an
- Otorite pou Aji - Atestasyon (*si sa aplikab*)
- Frè pou Lisans

Lè w ap soumèt aplikasyon w lan, sa pa vle di lisans ou an apwouve otomatik.

Lòt Pèmi/Lisans/Otorizasyon Ou ta Kapab bezwen nan Vil lan oswa Eta a

Ou dwe genyen yon lisans *Konpayi Kamyon pou Remòkè* DCWP si biznis ou an ap deplase oswa ap retire veyikil a motè ki anpàn, ki pake ilegalman oswa ki abandone oswa veyikil ki enplike nan yon aksidan yon lòt veyikil a motè lakoz, pou yon konpansasyon dirèk oswa endirèk.

Pwosesis pou Depoze Aplikasyon



Ale sou www.nyc.gov/BusinessToolbox pou soumèt aplikasyon w lan anliy.

OSWA



Pwograme yon randevou pou ranpli li an pèsòn nan Sant Lisans DCWP an oswa nan Sant Sipò Ti Biznis NYC (adrès yo nan paj 1 an).

Atravè Imèl: LicensingAppointments@dcwp.nyc.gov

Atravè Telefòn*: Rele nan (212) 436-0441. (Lendi pou Vandredi, 8è a.m. rive 4è p.m.)

*Nimewo sa a se pou pran yon randevou pou sèvis an pèsòn sèlman. Pou tout kalite kesyon, ekri nan imèl sa onlineappsdocs@dcwp.nyc.gov.

Sèvis *Entèpretasyon Gratis Anliy* yo disponib sou plas. Pou fè yon demann akomodasyon ki gen pou wè ak andikap, tanpri ekri yon imèl bay Kowòdinatè Lwa pou Ameriken ki Gen Andikap (Americans with Disabilities Act, ADA) pou DCWP nan DCWPADACoordinator@dcwp.nyc.gov oswa vizite nyc.gov/dcwp epi chèche "accommodations" (aranjman).

Kondisyon (Egzijans)

DCWP p ap aksepte aplikasyon w lan si ou pa remèt dokiman ak enfòmasyon yo mande yo:

- **Aplikasyon Debaz Endividyèl pou Lisans** (li vini ak dokiman sa a).
- **Lisans Chofè Aktyèl.**
Ou dwe gen omwen 18 tan epi posede yon lisans chofè Eta New York ki valid ak andòsman "W" ki apwopriye a (Andòsman Operatè Remòkè).

Si w abite nan yon lòt eta epi ou pa gen yon lisans chofè Eta New York:

Ou dwe gen omwen 18 tan epi posede yon lisans chofè ki valid epi ki aktyèl yo bay andeyò Eta a, lisans sa a dwe egal a yon lisans chofè ki pèmèt yon moun kondi yon remòkè nan Eta New York.

Pou ka jwenn enfòmasyon sou egzijans Eta New York fè pou yon lisans chofè ki valid, vizite sitwèb Depatman Veyikil-a-Motè a sou <https://dmv.ny.gov/>

Remak: Si w vin yon rezidan nan Eta New York, lwa Eta a mande pou w jwenn yon lisans chofè Eta New York nan 30 jou apre w vin yon rezidan Eta New York.

- **Prèw Sètifye pou Lisans Chofè Ki Valid (si sa aplikab).**

Si w pa abite Eta New York epi w posede yon lisans chofè ki valid ki soti nan yon lòt eta, ou dwe soumèt yon Rezime Sètifye pou dosye konduit ou a, sa Depatman Veyikil-a-Motè Eta a te ba ou nan espas 30 dènye jou yo epi se Depatman Veyikil-a-Motè Eta a ki te ba ou lisans ou a epi ki demontre lisans lan valid epi li anvigè.

Remak: Yo gendwa egzije w detanzantan pou soumèt rezime yo oswa lòt prèw pou demontre lisans ou an rete valid epi li anvigè.

- **Yon foto koulè nan dimasyon paspò ki reprezante moun k ap aplike pou lisans pou moman an menm.**

An Pèsòn: DCWP pral fè foto moun k ap aplike pou lisans yo san yo pa peye anyen nan Sant Lisans DCWP an ak Sant Sipò Ti Biznis NYC. Moun k ap aplike yo ka soumèt yon foto koulè nan dimasyon paspò.

Sou Entènèt (Anliy): Moun k ap aplike pou lisans yo ka telechaje yon fichye imaj ki genyen foto dijital paspò yo. Yon kamera dijital ki gen yon rezolisyon 1 megapiksèl ap bay bon rezilta.

- **Anprent ak frè pou trete Aplikasyon an.**

Aplikasyon Chofè Remòkè yo dwe pwograme yon randevou avèk IdentGO pou l ka pran anprent yo:

- Ale sou <https://uenroll.identogo.com>

- Rantre:

- **Kòd Sèvis la.** Rantre 1585N7

- **Idantifikasyon Ajans lan.** Rantre sèlman chif ki soti nan Nimewo Aplikasyon an. Nimewo Aplikasyon an sou resi w la oswa sou lèt konfimasyon w lan lè w aplike anliy.

Egzanp: Pou Nimewo Aplikasyon 1234567-2023-AHIC, rantre sèlman 12345672023 kòm Idantifikasyon Ajans lan.

- Suiv enstriksyon yo epi peye frè ki nesèsè a (yo).

ENPÒTAN:

- Tout moun yo dwe pran enprent yo, ta dwe pwograme yon randevou pi vit posib nan lide pou reponn ak egzijans sa a.

- **Otorite pou Aji - Atestasyon, si sa aplikab (li vini ak dokiman sa a).**

Obligatwa si yon lòt moun olye moun ki fè demann lisans lan dwe prepare epi soumèt aplikasyon sa a.

Remak: Aplikasyon an dwe siyen aplikasyon lisans lan ansanm ak tout lòt fòm ki gen rapò yo.

- **Frè pou Lisans.**

Peryòd Lisans: 2 ane	Dat Ekspirasyon: 31 oktòb Ane Pè	Frè pou Lisans:	
Si ou Depoze Aplikasyon Ou an Nan Dat Sa Yo:		Opsyon 1:	Opsyon 2:
Soti 1ye novanm nan yon ane pè jiska 30 avril nan yon ane enpè		Peye \$20 pou yon lisans k ap ekspire 31 oktòb nan ane pè k ap vini an. <i>(Valid pou pi plis 24 mwa.)</i>	
Soti 1ye me nan yon ane anpè jiska jiska 31 oktòb nan yon ane enpè		Peye \$15 pou yon lisans k ap ekspire 31 oktòb nan ane pè ki pi pre a. <i>(Valid pou pi plis 18 mwa.)</i>	
Soti 1ye novanm nan yon ane enpè jiska 30 avril nan yon ane pè		Peye \$10 pou yon lisans k ap ekspire 31 oktòb nan ane pè ki pi pre a oswa menm ane pè a. <i>(Valid pou pi plis 12 mwa.)</i>	
Soti 1ye me nan yon ane pè jiska 31 oktòb nan yon ane pè		Peye \$5 pou yon lisans k ap ekspire 31 oktòb nan menm ane pè a. <i>(Valid pou pi plis 6 mwa.)</i>	Peye \$25 pou yon lisans k ap ekspire 31 oktòb nan ane pè k ap vini an. <i>(Valid pou pi plis 30 mwa.)</i>

Peye avèk:

- Chèk oswa manda postal (money order) bay DCWP. *(An pèsòn)*
- Kat Kredi (Visa, MasterCard, American Express, Discover Card sèlman).
Ou dwe peye yon Frè Dosye yo p ap Ranbouse ou. *(An pèsòn oswa Anliy)*

Lòt Resous pou Chofè Remòkè yo

- Pou konnen lwa ak règ ki kapab ajì sou biznis ou an, vizite **nyc.gov/BusinessToolbox**.
- Pou jwenn enfòmasyon ki pou ede biznis ou an louvri, fonksyone ak grandi, vizite **nyc.gov/business**.
- **Chanjman Adrès**
Ou dwe fè DCWP konn sa alekri, di l ou chanje rezidans ou a nan 10 jou apre chanjman an.